

**AGRESIVITAS SAJRONE CERBUNG NJAREMING PANGIGIT-IGIT ANGGITANE SUROSO BC.HK
(TINTINGAN PSIKOLOGI SASTRA)**

Rizky Nuryanti

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra daerah, FBS, UNESA dan rizkynuryanti370@gmail.com

Pembimbing

Dra. Drs. Bambang Purnomo, M.S.

Dosen Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA

Abstrak

Crita sambung *Njareming Pangigit-igit* anggitanane Suroso Bc. Hk nyritakake lelakon uripe Anwar sing sarwa ruwet jalaran sipat agresif sing ana sajrone dhirine. Sipat agresif iki saya suwe saya ngrembaka, saengga nerak angger-angger, uga bisa nggawe lara lan pitunane wong liya. Adhedhasar lelandhesane panliten kasebut, underane panliten sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit* gegayutan karo aspek psikologi yaiku: 1) kepriye gegambarane agresivitas, 2) apa wae sing njalari agresivitas lan 3) kepriye cara panglereming agresivitas. Adhedhasar underane panliten kasebut, mula ancas saka panliten sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit* gegayutan karo aspek psikologi yaiku 1) ngandharake gegambarane agresivitas, 2) ngandharake apa wae kang njalari dumadine agresivitas, lan 3) ngandharake cara panglereming tindak agresif. Saka andharan mau, crita sambung *Njareming Pangigit-igit* cocog dianalisis nganggo tintingan psikologi sastra, mligine psikologi sosial miturut pamawase David G. Myers. Panliten iki kalebu panliten deskriptif kualitatif. Sumber dhata kang digunakake awujud cerbung kanthi irah-irahan *Njareming Pangigit-igit* anggitanane Suroso Bc. Hk. Dhatakang digunakake sajrone panliten iki arupa tembung, ukara lan paragraf sing arupa cecaturan utawa naratif. Kanggo nglumpukake data, nggunakake metode *teknik pustakalan cathet*. Tata cara nulis asile panliten iki kanthi cara *deskriptif analitik*. Asiling panliten iki laras karo underane panliten. Sing kapisan, njlentrehake gegambarane agresivitas yaiku 1) merjaya liyan lan motife, 2) ngruda peksa, 3) *malsu*, 4) nyerang, 5) mitenah, lan 6) nyolong. Kapindho, faktor sing njalari agresivitas diperang dadi nem, yaiku 1) kacingkrangan, 2) emosi, 3) faktor biologis, 4) frustasi, 5) kurange pendhidhikan, lan 6) pangaribawane medhia. Katelu, cara panglereming tumindak agresif kanthi cara ukuman lan katarsis.

Tembung kang wigati: agresivitas

PURWAKA

Tembung fiksi asale saka tembung basa Inggris *fiction* kang ateges khayal (Najid, 2009:10). Tembung mau digunakake sajrone kasustraan nalika pangripta ngripta sawijine karya sastra. Reriptan fiksi mujudake salah siji reriptan sastra sing asile saka imajinasi pangripta lan ora mesthi adhedhasar kanyatan kang ana. Merga asipat imajinatif, reriptan sastra iku diarani rekan. Rekan tegese apa-apa sing direka-reka utawa diakali. Mula saka iku, karya fiksi sinebut crita rekan. Cita rekan yaiku reroncane kedadeyan imajinatif sing gegayutan karo paraga tartamtu adhedhasar pamawas lan pamikiran pangripta.

Kadurjanan mujudake salah siji topik sing kerep dipilih dening pangripta anggone nulis sawijine karya sastra awujud novel, cerbung, cerkak, lsp. Cerbung mujudake salah siji reriptan sastra sing kalebu fiksi, jalaran isine ora adhedhasar kanyatan lan mung asipat imajinatif.

Kadurjanan dadi salah siji topik kang kerep digunakake sajrone karya sastra jalaran kadurjanan dadi prekara kang kerep kedadeyan ing panguripan saben dina. Kadurjanan dhewe mujudake sakabehe tumindak kang nglanggar paugeran lan nglanggar norma-norma sosial, saengga masyarakat ora sarujuk (Kartono, 1988:137).

Kadurjanan mujudake wujud saka tumindak agresi sing ana sajrone paraga. Agresi yaiku tumindak fisik utawa *verbal* kang nduweni tujuwan kanggo njalari karusakan, nggawe larane wong liya, ngrusak utawa ngrugekake wong liya (Myers, 2012:69). Wujud saka agresi fisik yaiku tumindak pangruda peksa, merjaya, nyolong, apus-apus, korupsi, lsp. Agresi-agresi kasebut bisa kaleksanan jalaran anane faktor-faktor kang njalari, bisa awujud faktor kajiwan utawa faktor fisik.

Psikologi sastra kawangun adhedhasar asumsi-asumsi genesis, kang gegayutan karo asal usule karya, tegese psikologi sastra digayutake karo aspek-aspek kajiwane pangripta. Psikologi sastra yaiku tintingan sastra kang mawaskarya minangka *aktivitas* kajiwan (Endraswara, 2011:96). *Asumsi* dhasar saka laire panliten psikologi sastra yaiku kapangaribawa saka : (1) anane pamikir yen karya sastra minangka prodhuk saka *aktivitas* kajiwan lan pamikiring pangripta nalika kahanan setengah sadhar (*subconscious*) banjur diwedhar kanthi wujud sadhar (*conscious*). Saliyane nliiti watak paraga, psikologi sastra uga nliiti babagan aspek-aspek pamikir lan pangrasane pangripta nalika nyiptakake sawijine karya sastra.

Psikologi mujudake salah siji ilmu kang bisa diperang miturut papan dununge ilmu kasebut ditrapake. Salah sijine yaiku psikologi sajrone karya sastra utawa

psikologi sastra. Psikologi sastra tuwuh jalaran anane pamawas yen karya sastra minangka kagiyatan kajiwan (Endraswara, 2011:96). Psikologi sastra iku sumber saka ilmu psikologi lan ilmu sastra. Ilmu psikologi ing kene bisa diperang dadi loro, yaiku psikologi umum lan psikologi khusus.). Psikologi umum mawas manungsa kaya-kaya uwal saka sesambungan karo manungsa liyane. Psikologi khusus yaiku ilmu psikologi kang nduweni tujuan kanggo njlentrehake lan nyinaoni bab-bab khusus saka kagiyatan jiwane manungsa. Tuladha saka psikologi khusus yaiku (1) psikologi pangrembakan (2) psikologi abnormal utawa patologi (3) psikologi pendhidhikan (4) psikologi kapribaden, (5) psikologi kriminal (6) psikologi perusahaan (7) psikologi social. Psikologi sosial dadi tintingan kang trep digunakake kanggo nitingi Cerbung *Njareming Pangigit-igit* iki. Bab mau jalaran isi kang kinandhut sajrone cerbung mau nggambarake kedadeyan-kedadeyan kang ana sajrone kahanan sosial, mligine yaiku kaya apa tanggapan indhividhu ndeleng kahanan mau. Kedadeyan-kedadeyan sajrone cerbung iki uga mujudake tuladha saka gegambaran manungsa anggane urip bebarengan karo wong liya.

Psikologi sosial miturut pamawase David G. Myers uga ngrembug psikologi sosial babagan sesambungan sosial antarane individu lan kahanan ing sakiwa tengene. Sesambungan iku bisa diperang dadi papat, yaiku: (1) Prasangka: Ora Seneng karo Wong Liya, (2) Agresi: Nggawe Larane Wong Liya, (3) Nyenengi lan Nresnani Wong Liya, Tetulung, lan (4) Pasulayan lan bedhamen.

Myers (2012:69) ngandharake yen agresi mujudake tumindak fisik utawa *verbal* kang njalari karusakan, nggawe larane wong liya, ngrusak utawa nggawe pitunane wong liya. Agresivitas tegese yaiku salah siji tumindak kang nduwe tujuan kanggo nggawe lara utawa ngandhut usur kekerasan, nyerang, utawa gangguan sacara fisik utawa verbal, njupuk utawa ngrusak duweke wong liya kanthi tujuan tartamtu.

Agresivitas dumadi jalaran anane faktor-faktor kang bisa mangaribawani tumindak kasebut kaleksanan. Faktor-faktor kasebut sing dadi pendhorong agresivitas kasebut lair awujud tumindak nggawe larane wong liya. Faktor-faktor kang njalari agresivitas yaiku (1) frustrasi, (2) faktor lingkungan, (3) faktor biologis, (4) kedadeyan sing ora nyenengake, (5) pangaribawane medhia. Cara panglereme tumindak agresi bisa kanthi cara katarsis lan ukuman.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit* iki nggunakake metode panliten *kualitatif*, kalebu

panliten *kualitatif* amarga karya sastra iku iku mujudake donyane tembung lan simbol sing maneka warna. Bab iki laras karo pamawase Moleong (2002:3), panliten *kualitatif* mujudake panliten sing ngasilake dhata *deskriptif* arupa tetembungan sing tinulis utawa lisan saka pawongan-pawongan lan solah bawane sing ditliti. Panliten *kualitatif* yaiku panliten sing nduweni tujuan kanggo mangerteni bab-bab sing dumadi tumrap subjek panliten kanthi cara holistik lan deskriptif. Bisa diju puk dudutan yen panliten *kualitatif* mujudake panliten kang nggunakake ancangan naturalistik kanggo nggoleki sawijining informasi babagan perkara-perkara kang dumadi ing bebrayan.

Metode kang digunakake sajrone panliten iki asipat *deskriptif*. Panliten *deskriptif* nduweni tujuan menehi sawijining gegambaran kanthi *sistematis*, nyata, lan akurat ngenani fakta-fakta, sipat, sarta gegayutan karo pangripta kang dititingi. Arikunto (2006:243) njlentrehake yen panliten *deskriptif* iku nggambarake anane fenomena utawa kedadeyan kang digambarake lumantar tembung-tembung utawa ukara kang diperang miturut jinis tartamtu kanggo ngasilake dudutan.

Sajrone panliten iki, cerbung *Njareming Pangigit-igit* anggitane Suroso Bc. Hk bakal nggunakake tintingan teori Psikologi sastra, mligine yaiku psikologi sosial. Cerbung iki dianalisis kanthi metode panliten *deskriptif kualitatif* kanthi diperang dadi telu minangka underane panlitene, antarane yaiku gegambarane agresivitas, faktor kang mangaribawani agresivitas, lan carane ngleremake agresivitas sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit*.

Dhata dan Sumber Dhata

Sumber dhata kang digunakake sajroning panliten iki yaiku dhata sing awujud tulis, yaiku cerbung kanthi irah-irahan *Njareming Pangigit-igit* anggitane Suroso Bc. Hk. Cerbung iki kapacak ing majalah Panjebur Semangat wiwit edhisi 18 minggu I wulan Mei nganti edhisi 32 minggu I wulan Agustus 2009. Cerita iki kapacak ing rubrik crita sambung (cerbung) kang kaperang dadi 15 seri.

Ing panliten iki, dhata primere utawa dhata utama kang digunakake arupa tembung lan ukara-ukara lan paragraf kang arupa cecaturan utawa naratif kang nggambarake gegambaran agresivitas, bab-bab sing njalari agresivitas, lan carane ngleremake tumindak agresif sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit*. Kanggo nyengkuyung dhata primer, digunakake dhata skundher yaiku buku-buku teori, lan panliten kang saemper kang tujuwane supaya panliten iki ora owah saka sakawit.

Instrument Panliten

Arikunto (2006:126) ngandharake yen instrumen iku mujudake piranti-piranti kang dianggo supaya metode-metode kang ditrapake ing sawijining panliten bisa cundhuk. Instrumen kang digunakake sajrone panliten cerbung *Njareming Pangigit-igit* cacahane ana loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Panliti mujudake minangka instrumen utama sajrone panliten iki. Bab iki jalaran panliti kang nemtokake rancangan panliten, data lan sumber data,

cara ngumpulake data, cara pangolahe data lan cara nulis asile panliten. Instrumen panyengkuyung bisa awujud buku, polpen, uga kartu-kartu kanggo nulis data-data kang wis ditemokake kanggo nyengkuyung kagiyatan panliten.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi cara *studi pustaka* lan teknik maca. Panliten kanthi nggunakake studi kapustakan yaiku panliten kang nggunakake sumber data dhokumen, kayata film, video, utawa informasi saka internet, jurnal, buku-buku, kalawarti, uga publikasi sing wis didhokumentasekake (Sunarto, 2004:28). Studi Pustaka digunakake kanggo nglumpukake dhata panyengkuyung panliten kang bisa saka buku utawa kalawarti sing ana gegayutane karo panliten, yaiku cerbung.

Teknik waca digunakake nalika nggoleki data-data kang nduweni sesambungan karo panliten kang katindakake kanthi cara maca sumber kang dadi objeking panliten. Maca objek panliten kang awujud karya sastra kudu ditindakake kanthi cara bola-bali kanthi tujuwan supaya sakabehe unsur karya bisa dingerteni kanthi tenanan (Ratna, 2009:18). Mula saka iku, sadurunge nindakake panliten, cerbung kang arep diteliti diwaca kanthi tumemen, dibolan-baleni saengga wis ngerti bageyan sing endi kang dibutuhake kanggo panliten kang ditindakake. Banjur digoleki data kang arupa tetembungan utawa ukara-ukara kang nuduhake kepriye gegambaran agresivitas, apa wae kang njalari dumadine agresivitas, lan kepriye carane nglremake agresivitas sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit*.

Tata cara Ngolah Dhata

Panliten iki nggunakake analisis psikologi sastra kang awujud *deskriptif* kang gegayutan karo panjlentrehan makna sawijining objek kang dadi bahan rembugan sajrone panliten. Bab kasebut ditengenake amarga metode *trep* nalika digunakake kanggo nggambarake kanthi cara objektif mligine ngenani gegambaran agresivitas, bab-bab kang njalari tumindak agresivitas, lan carane nglremake agresivitas sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit* anggitane Suroso Bc. Hk. Tata cara pangolahe dhata sajrone panliten iki yaiku:

- (1) Nintingi dhata adhedhasar saka teori kang wis ditemokake, yaiku psikologi sastra mligine psikologi sosial miturut pamawase David G. Myers.
- (2) Nindakake identifikasi isi kang nduweni sesambungan karo gegambaran agresivitas sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit* anggitane Suroso Bc. Hk.
- (3) Nindakake identifikasi isi kang nduweni sesambungan karo bab-bab kang njalari tumindak agresivitas sajrone *Njareming Pangigit-igit* anggitane Suroso Bc. Hk.

- (4) Nindakake identifikasi kepriye carane nglremake agresivitas sajrone *Njareming Pangigit-igit* anggitane Suroso Bc. Hk.
- (5) Njupuk dudutan adhedhasar andharan kang wis ditemokake sadurunge.
- (6) Nglaporake asiling dhata lan dudutan arupa laporan panliten sajrone skripsi.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Gegambaran Agresivitas sajrone Cerbung Njareming Pangigit-igit

Gegambaran agresivitas sacara fisik sajrone cerbung iki kayata: 1) merjaya, 2) ngruda peksa, 3) tiron, 4) nyerang, 5) nyolong sarta 6) mitenah. Perangan sing kapisan bakal dindharake yaiku wujud agresivitas merjaya liyan lan motife.

Merjaya liyan lan motife

Merjaya mujudake tumindak kang bisa ngilangake nyawa sawijine wong. Bab iki laras karo andharane Santoso (2002:11) merjaya mujudake tumindak ngilangake nyawa wong liya kang ditindakake dening wong tartamtu. Merjaya ditindakake kanthi maneka werna cara anggone tumindak, ana kang nggunakake piranti kayata pistol, clurit, racun, lsp. Dene merjaya kanthi ora nggunakake piranti, yaiku kanthi apus krama utawa kakuwatan fisik.

Salah sawijine agresivitas kang awujud tumindak merjaya sajrone cerbung iki digambarake lumantar paraga Enggarningrum. Wanita iki diperjaya salah sawijine durjana ing omahe dhewe. Gegambaran kadurjanan awujud merjaya bisa kawawas saka pethikan iki.

“Mau bengi Bu Enggar dirudhapeksa njur diperjaya dening durjana.”

“Mbak Enggar? Enggarningrum sing daleme Jalan Tangkubanprau? Dheweke seda diperjaya durjana. Innalillahi wa Inna Ilaihi Roji’un.” (Suroso, 2009:21)

Pethikan mau nggambarake yen Enggarningrum koncatan nyawa jalaran diperjaya durjana. Jisime tinemu ing kamar omahe kanthi kahanan sing nggegirisi. Enggar saliyan diperjaya, dheweke uga dirudapeksa karo durjana mau.

Paraga sing kapisan sing dicubriyani dadi paraga ing merjaya Enggar yaiku Adi. Adi dicubriyani jalaran dheweke dianggep tau nduwe sesambungan karo Enggar. Kamangka sejatine sing ngoyak-oyak Adi iku ya Enggarningrum dhewe. Saliyan merga pandakwa yen dheweke tau nduwe sesambungan karo Enggar, Adi kesangkut perkara iki jalaran barang bukti sing ditemokake sacedhake jisime Enggar kang nuduhake yen Adi sing merjaya Enggar. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Gedhe cilik panjenengan kesangkut perkara iki.”

“Lho, geneya aku didakwa kesangkut perkara iki, Pak? Apa ana buktine?” pitakone Adi kanthi praupann mbrabak. Emosine meh mbludag.

“STNK panjenengan daktemu ana sacedhake jisime Bu Enggar.” (Suroso, 2009:21)

Pethikan mau nggambarake yen Adi kesangkut perkara kriminal kasebut jalaran STNK- ne dheweke ana ing *Tempat Kejadian Perkara*. Polisi isih nyelidiki apa Adi kesangkut apa mung korban saka kadurjanan sing kedadeyan. Bukti sing arupa STNK sacedhake jisim Enggar bisa dadi bukti sing kuwat yen Adi sing merjaya Enggar. Panggraitane polisi, nalika Adi tumindak merjaya Enggar, dheweke tanpa sengaja nyeblokake STNK-ne ing kana. Mula saka iku, polisi isih terus ngupaya sapa paraga sing tegel merjaya Enggar kanthi kahanan sing nggegirisi kaya ngono. Bisa wae ana paraga-paraga liya sing bisa wae dadi pelaku tumindak kadurjanan iki.

Adi ora mung dadi siji-sijine paraga sing dicubriyani karo polisi dadi paraga sing nindakake rajapati mau. Paraga liyane sing dicubriyani yaiku Pak Iskandar. Pak Iskandar mujudake dhireksi ing PT. Abhirama, pimpinane Adi. Dheweke disujanani dadi paraga sing nindakake rajapati mau jalaran ditemokake bukti ing omahe kurban kang njlentrehake yen dheweke nduwe sesambungan karo Enggarningrum. Pethikane kaya mangkene.

“.....Ing lemari ana nota saka toko emas “Amara”, nganggo jenenge Iskandar. Gelang kang dituku pengaji telung yuta rupiyah. Uga tinemu layange Iskandar marang Enggarningrum kang ndakwa randha kuwi mangro tinggal. Gelem nampa katresnan lan pawewehe nanging isih ngoyak Adi.” (Suroso, 2009:24)

Pethikan mau njlentrehake barang bukti awujud nota saka toko emas kang njalari Iskandar disujanani dadi paraga sing nindakake rajapati mau. Nota saka toko emas iku bisa menehi katrangan yen ana sesambungan kang asipat pribadhi antarane Enggarningrum lan Pak Iskandar, sesambungan sing luwih saka kekancan antarane wong lanang lan wadon. Bab mau jalaran mokal yen ana priya nganti menehi barang sing nduwe pengaji gedhe tanpa arep-arep antuk piwales saka wanita sing diwenehi. Mula saka iku Iskandar uga melu dicubriyani karo pulisi dadi paraga sing merjaya Enggar.

Bisa wae Iskandar merjaya Enggar jalaran rasa tresnane ora diimbangi dening wanita kuwi. Apa maneh Iskandar wis menehi kalung emas sing regane ora murah marang Enggar. Bisa wae Iskandar duwe pamikiran, yen Enggar mung gelem nampa barang pawewehan saka dheweke nanging ora gelem ngimbangi rasa tresnane. Rumangsa ora diajeni, bisa wae Iskandar tumindak nekad kanthi merjaya Enggar jalaran lara atine.

Prekara rajapati kang kedadeyan ing Jalan Tangkubanprau ora mung nggawa jeneng paraga Adi lan Iskandar. Pramudya dadi paraga sabanjure sing bisa wae kesangkut perkara iki. Pramudya mujudake sisihane Marlia, wanita sing tau nduwe sesambungan karo Adi.

Dheweke uga mujudake wakile Adi ing bageyan Tata Karya PT Abhirama.

Sejatine Adi lan Pramudya iku meh padha ing babagan dedeg sarta pendhidhikane. Kalorone padha-padha insinyur mudha, padha bagus praupane, sarta nduwe kalungguhan sing dhuwur ing perusahaan. Sing dadi pambedane ya mung Pramudya kuwi nduwe sipat sing butarepan. Sipat iki bisa wae tuwuh jalaran Pramudya weruh yen sadurunge omah-omah karo dheweke, Marlia kuwi tau nduwe sesambungan karo Adi. Mula saka iku Pramudya kerep ongkrah-ongkrah sesambungan antarane Marlia lan Adi ing jaman kepungkur.

Bisa wae motife Pramudya kanggo merjaya Enggar jalaran rasa butarepane marang Adi. Enggar dadi sarana kanggo ngrusak jenenge Adi ing masarakat. Saliyane iku, bisa wae Pramudya meri marang kalungguhane Adi ing PT Abhirama. Kanthi tujuan mau, Enggar dirasa dadi sarana sing trep kanggo nggayuh tujuwane Pramudya.

Paraga kang disujanani merjaya Enggar saliyane paraga katelu mau yaiku Bambang. Dheweke kanthi sesidheman kepincut marang bendarane kasebut. Rasa tresnane iku tuwuh jalaran saben dina urip saomah sarta srawung karo Enggar. Apa maneh dheweke uga kerep ndeleng Enggar nggawe klambi sing ngatonake badane sing mrusuh kuwi. Bambang tansaya suwe tansaya kedanan marang bendarane kuwi. Sejatine Bambang uga rumangsa yen rasa tresnane kasebut kaya cebol nggayuh lintang. Pepinginan kang ora mungkin dadi kasunyatan jalaran kalungguhane mung dadi batur ing omahe Enggar. Pethikan kang njlentrehake Bambang dadi paraga sing disujanani dadi *tersangka* sing merjaya Enggarningrum.

“Bambang apa perlu disujanani? Bisa wae. Jalaran meneng-meneng dheweke kepincut marang bendarane putri sing isih kinyis-kinyis kuwi. Bambang kebrongot atine merga kerep weruh Iskandar karo Enggarningrum nyetel *blue film* ing kamar. Uga kerep weruh bendarane putri metu sak jedhing mung tapihan andhuk, awake sisih ndhuwur polos. Luwih-luwih dheweke ngrumangsani kaya cebol nggayuh lintang. Mula dheweke njur nekad ngrudpeksa randha kuwi. Petungane, yen ora nganggo cara ngrudapeksa, sengara bendarane putri gelem ngladeni dheweke.” (Suroso, 2009:26)

Pethikan mau nggambarake bisa wae Bambang iku butarepan marang Iskandar jalaran priya kuwi kerep medhayoh ing omahe bendarane. Apa maneh yen lagi dhayoh-dhayohan ing kamar, wong loro kuwi biyasane nyetel *blue film* sing bisa wae njalari hawa nepsu kalorone tuwuh. Apa maneh bendarane kuwi wis rada suwe dadi randha, lan Iskandar uga durung tau omah-omah kamangka umure wis 50 taun luwih. Bab iki sing ana ing pikirane polisi, mula Bambang dadi paraga sabanjure sing bisa wae dadi pelaku saka tumindak kadurjanan iki.

Saka asil papriksane pulisi, pranyata pancen Bambang paraga sing merjaya Enggarningrum. Dheweke

sing tegel mateni bendarane dhewe kanthi cara sing nggegirisi. Motife Bambang merjaya yaiku dheweke mburu opah saka salah siji pawongan sing nduwe pangigit-igit marang Enggar. Bambang diwenahi opah kanggo nindakake kadurjanan kuwi. Pethikane bisa dideleng ing ngiaor iki.

“Jarene Anwar, Bambang sing dikongkon merjaya. Mesthine Bambang uga diopahi. Nanging manut pangakuwane Anwar, dheweke mung mrentah merjaya lan ngakon Bambang supaya nyelehake STNK-ne Adi ing sacedhake layone Enggar.” (Suroso, 2009:32)

Pethikan ing ndhuwur wis nggambarake yen sejatine Bambang nindakake merjaya kasebut jalaran ana wong kang ngopahi dheweke supaya tumindak kaya mangkono. Bambang sing wis tegel merjaya bendarane dhewe. Bendara sing wis nampa dheweke nyambut gawe neng omahe 15 taun kepungkur. Motife Bambang anggone merjaya Enggar bisa wae jalaran dheweke rumangsa ora bakal keduman tresnane bendarane mau. Saliyane iku, bisa wae Bambang kepincut marang dhuwit sing dijanjeni kanggo dheweke yen kasil merjaya Enggar.

Saka pethikan ing ndhuwur mau uga njlentrehake yen wong sing ngongkon Bambang merjaya Enggar yaiku Anwar. Anwar mujudake kangmase Adi, nanging sedulur beda bapak lan ibu. Anwar uga nyambut gawe ing PT Abhirama. Dheweke bisa ketampa dadi karyawan ing kana ya jalaran trekahe Adi. Dheweke sing ngupaya supaya kangmase iku bisa antuk penggaweyan sing maton. Upayane Adi iku nduwe tujuan supaya sesambungane karo kangmase iku terus rumaket.

Paseduluran kalorone meh bubar jalaran ana kedadeyan sing njalari Anwar nesu marang wong tuwa lan adhine. Kedadeyan kang nuwuhake sipat agresif sing ana sajrone dhirine Anwar tansaya ngrembaka. Sipat agresif kasebut sing suwene-suwe bakal ngrembaka dadi tumindak nekad. Pangigit-igit mau dipendhem sajrone atine Anwar, sumimpen kanthi apik lan ngenteni wektu kang pas kanggo nyuntak pangigit-igit kasebut.

Enggarningrum mujudake wanita kang miturute Anwar bisa dadi srana kanggo males pangigit-igite marang Adi. Miturute Anwar, Enggar lan Adi padha-padha paraga sing wis nggawe cuwa atine. Apa maneh ana kedadeyan kang nggawe *harga dhirine* minangka wong lanang diasorake karo wanodya sing jenenge Enggar mau. Pethikane bisa dideleng ing ngisor iki.

“Nalika randha Enggar bubar adus, lagi jungkatan ing kamar, dumadakan Anwar mlebu kamare. Enggarningrum dirangkul. Sing dirangkul kaget banget, arep njerit. Nanging kedhisikan Anwar mbungkemi tutuke Enggar nganggo tangan. Randha manis kuwi bangga sakrosane. Sawise bisa uwal saka rangkulane Anwar, Enggar ngampleng pipine Anwar karo ngomong nylekit.”

“Mas Anwar, panjenengan ora idhep isin. Aku calon adhimu ipe, calon garwane Mas Adi. Yagene panjenengan tegel arep mrawasa aku?” (Suroso, 2009:32)

Kedadeyan kuwi kang njalari atine Anwar ketaton banget. Dheweke rumangsa diina. Banjur ngincim Enggarningrum, lan rasa pangigit-igit karo Adi tansaya gedhe. Dheweke rumangsa yen apa wae kang ditresnani dheweke mesthi bakal dinduweni karo Adi. Kapisan wong tuwane, banjur Enggarningrum wanita kang ditresnani.

Rasa pangigit-igite Anwar marang Adi lan Enggar tansaya suwe njalari sipat agresif kang ana sajrone dhirine tuwuh. Dheweke nggolek cara kanggo mbales lara atine. Salah siji carane yaiku kanthi merjaya Enggar. Dheweke sing ngongkon lang ngopahi Bambang kanggo nindakake rajapati mau. Anwar dadi dhalang saka tumindak kadurjanan iki. Paraga kang wiwitan crita ora menehi pangaribawa gedhe tumrap crita pranyata dadi punjer saka prekara rajapati sajrone cerbung iki.

Ngruda Peksa

Ngruda peksa mujudake salah sawijine tindak kadurjanan nalika sikurban dipeksa ngayahi hubungan seksual kanthi kepeksan tanpa anane rasa suka rila. Istilah ruda peksa bisa uga dianggo sajrone makna kiasan, umpamane nengenake marang pelanggaran sing luwih umum kaya dene perampogan, pengrusakan, nyulik, lsp. Ruda peksa sajrone cerbung iki mujudake ruda peksa saka pangerten kang kapisan yaiku ruda peksa kang ngacu marang hubungan seksual tanpa anane rasa suka rila antarane salah siji wong sing tumindak.

Tumindak pangruda peksa sajrone cerbung iki ditindakake dening paraga Bambang marang bendarane dhewe, yaiku Enggarningrum. Dheweke tegel nglakoni tumindak tanpa moral kasebut jalaran dheweke wis suwe ngempet rasa tresnane marang bendarane. Rumangsa kaya cecak nguntal cagak, mula Bambang nggolek cara liya kanggo nyalurake rasa tresnane sing mesthi ora bisa diimbangi karo bendarane iku.

Carane yaiku dheweke nyolong fotone Enggar ing album. Bambang milih fotone Enggar sing lagi nggawe klambi renang. Saliyane iku, sing njalari Bambang kepincut yaiku dheweke kerep ndeleng Enggar nalika bar adus mung nggawe tapih anduk tanpa nggawe busana ndhuwur saengga awake perangan nduwur katon nglegena. Pethikan kang nuduhake kahanan mangkono bisa dideleng ing ngisor iki.

“Foto-fotone Bu Enggar ing album akeh?”

“Kathah, wonten ingkang ngagem nyamping, rok, clana.”

“Kowe kok milih sing nganggo pakeyan renang?”

“Bambang bungkem, raine ditekuk. Nuli keprungu wangsulane lirih semu isin.

“Kula kepencut Pak. Kula saring sumerep Bu Enggar menawi bakda siram, medal saking jedhing namung tapihan adhuk. Badanipun sisih nginggil polos.” (Suroso, 2009:24)

Bambang rumangsa yen mokal bendarane kuwi nanggapi rasa tresnane mau. Mula saka iku, Bambang nglakoni tumindak sing bisa menehi *kepuasan* marang pepingine kanggo andon katresnan marang Enggar.

Salah siji carane yaiku kanthi ngambungi fotone Enggar saben wingi sadurunge turu. Tumindake iki kerep diinceng karo Minah, pembantu wadon ing omahe Enggar. Kahanan iki bisa dideleng saka pethikan iki:

“Dhik Bambang menawi tilem kerep ngambungi fotonipun Bu Enggar kaliyan ngeloni guling.”

“Mbak Minah, kowe aja ngayawara! Aja ndleming!” panyentake Bambang.” (Suroso, 2009:24)

Minah uga dadi kurban saka tumindake Bambang jalaran gedhene rasa pepingine andon tresna karo Bu Enggar. Bambang golek wanita liya sing bisa digodha, yaiku Minah kancane sing padha-padha dadi batur ing omahe Enggar. Bambang kerep nggrathil tangane marang Minah. Bambang nggolek srana liya kanggo menahi *kepuasan* lair kanggo dheweke. Tumindake Bambang iki diarani *displacement* utawa *pengalihan*, yaiku pengalihan rasa ora seneng tumrap sawijine objek menyang objek liyane kang luwih bisa didadekake sasaran. Pethikane kaya mangkene.

“Kula ajrih. Dalu-dalu ngaken mbikak kori kamar. Siyang kemawon, Dhik Bambang nggrathil. Kula kerep dipun jowal-jawil.” (Suroso, 2009:24)

Bambang kebukti yen dheweke sing mrawasa Bu Enggar. Bu Enggar dirudapeksa nalika kahanane wis dadi jisim utawa wis mati. Bab iki dilakoni dening Bambang jalaran yen isih urip, mokal yen Enggar gelem nglakoni tumindak mau. Jalaran dheweke ya sadhar yen kalungguhane minangka batur ora seimbang karo Enggar kang minangka bendarane sing sugih.

“Buktine apa, Pak?” panlesihe Dr. Permadi

“Spermane Bambang. Asil pepriksane dokter Wayan mbuktekake yen sperma kang kececer ing traso panggonan Bu Enggar diprakosa lan diperjaya, padha karo sperma ing guling sing sok dikeloni Bambang karo ngambungi fotone Bu Enggar sing nganggo pakeyan renang. Pepriksane dokter Wayan iku dikuwatake asil pepriksan laboratorium kriminal.” (Suroso, 2009:32)

Dadi bisa diweruhi yen saliyané merjaya Bu Enggar, dheweke uga ngruda peksa bendarane. Tumindak kang ala kaya dudu manungsa, nanging kaya kewan jalaran ora nduwe rasa asih tumrap sasama. Rasa kamanungsan saka paraga Bambang wis ora ana, jalaran gedhene napsu kang ana sajrone awake. Napsu kanggo antuk opah saka Anwar lan napsu kanggo ngrasakake badane Bu Enggar. Mula saka iku, agresivitas manungsa uga nduwe sesambungan karo hormon seksual kang dinduweni karo wong lanang, kang diarani testoteron. Tansaya akeh cacahé testoteron sajrone priya, mula bisa wae tumindak agresif uga melu tansaya gedhe.

Malsu

Miturut *Kamus Pepak Basa Jawa* (2001:762) palsu mujudake apa-apa sing ora asli utawa sing mung

tiron. Dene miturut *Kamus Pepak Basa Jawa* (2001:1026) tiron yaiku samubarang sing ora asli, barang palsu, turunan (tumrap layang, lsp).

Malsu kang digambarake sajrone cerbung iki bisa dideleng wiwitane nalika Adi ditahan pulisi jalaran STNK duweke ana sesambungan karo tumindak kadurjanan. STNK-ne ditemokake ana sacedhake jisime Enggar. Kurban saka tumindak rajapati lan pangruda peksa sing kedadeyan ing Jalan Tangkuban Prau.

Adi ora ngerti kaya apa carane saengga STNK-ne bisa ditemu ing panggonan mau. Adi mung rumangsa yen STNK-ne ana ing dhompete. Mula sadurunge Kapten Sujarwo ngomong yen STNK dadi bukti saka tumindak kadurjanan, Adi mumpeng yen STNK-ne ana ing dhompete. Pethikane bisa dideleng ing ngisor iki.

“Bareng dhompete diiling-ilingi, pranyata ing dhompet iku ora tinemu STNK. Tekan kantor polisi, durung nganti ditakoni dheweke wis ndhisiki lapor marang Kapten Sujarwo.”

“Pak STNK-ku ora ketemu. Ora ana ing njero dhompetku. Mangka layang-layang penting liyane ana.” (Suroso, 2009:21)

Saka pethikan mau njlentrehake yen Adi rumangsa STNK-ne kuwi isih ana ing njero dhompete. Bareng sawise digoleki ora ana, dheweke wiwit goreh. Adi kuwatir yen polisi cubriya marang dheweke jalaran STNK-ne ora ana.

Polisi pungkasané bisa nyelidiki panggonan sing biyasa nampa nyetak layang-layang palsu. Panggonane yaiku ing percetakan Lopiang. Polisi weruh sawise bisa nyekel Dhidhong, durjana perkara curanmor. Sawise Dhidhong kecekel, pranyata akeh banget tumindak kadurjanan sing wis dumadi sasuwene iki.

Polisi langsung mriksa percetakan Lopiang sing nampa pesenan layang-layang palsu. Percetakan iku duweke Cina wadon sing jenenge Tante Liena. Dheweke kanthi grapyak semanak mbagekake Lettu Budiman nalika weruh tekane polisi mau. Dheweke ngomong karo mencep-mencep kanthi tujuwan nggodha Lettu Budiman. Panggodhane iku ora digape babar pisan. Lettu Budiman langsung mriksa gudhang anggane nyimpen asil percetakan mau. Bareng weruh panggodhane ora digape, Tante Liena wiwit goreh. Dheweke keweden yen tumindake sasuwene iki diweruhi karo polisi. Mula saka iku dheweke banjur nglarang polisi mriksa percetakane kanthi alesan sing maneka warna. Kahanan sing kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

“Pak Polisi kok ajeng mriksa prodhuk percetakan kula niku perlune napa? Kula mboten nyetak arta palsu, buku porno, lan buku-buku larangane pemerintah,” ujar Liena mbrabak, ning isih ngumbar esem kang digawe-gawe.” (Suroso, 2009:30)

Pethikan mau nggambarake yen Tante Liena isih nyoba nggodha Lettu Budiman nggunakake eseme. Saliyané iku, Tante Liena uga nyoba ngatonke dhadhane ing ngarepe Lettu Budiman. Upayane iki kanthi tujuwan supaya polisi mau kepikut ayune. Banjur papriksan ing

percetakane ora dibacutake. Asile usahane dheweke slamet lan terus bisa lumaku kanthi lancar tanpa alangan. Tante Liena uga nawarake dhuwit marang polisi mau lan anak buwahe. Dheweke nyoba *nyogok* nggunakake dhuwit kanggo nutupi bebener sing ana.

Cina wadon mau ora ngerti, yen sing diadhepi iku Lettu Budiman. Polisi sing suthik karo dhuwit *suap* lan panggodha. Ora dinyana, Lettu Budiman banjur nyentak sarosane marang Tante Liena. Dheweke langsung mrentah mbukak lemari panggonan nyimpen barang asil cetakane. Cina wadon iku rumangsa usahane kanggo nggodha polisi iku ora kasil. Dheweke ora bisa kumecap jalaran kagete krungu panyentak Lettu Budiman. Sing bisa dilakoni ya mung nindakake apa sing diprentah Lettu Budiman. Pethikane kaya mangkene.

“Liena klunuh-klunuh nyedhaki lemari. Ndhredheg wel-welan, raine kang ayu katon tambah pucet. Lemari dibukak geblak. Lettu Polisi Budiman gedheg-gedheg, meruhi blangko-blangko STNK palsu. Cacahe tanpa wilangan. Ing njero lemari uga tinemu blangko-blangko BPKB, STTB, akte kelairan, lan layang-layang penting liyane.” (Suroso, 2009:30)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake yen percetakan Lopiang pranyata panggonan kanggo nyetak layang-layang palsu. Ing lemari katon blangko-blangko sing cacache ewonan wis siyap diedharake marang konsumen sing pesen. Tante Liena banjur ora bisa suwala, praupan pucet. Pasrah yen dheweke bakal dikunjara. Saka katrangan Tante Liena, dheweke uga ngaku yen antuk pesenan blangko STNK palsu kanthi jenenge Ir. Adi. Sing pesen yaiku Dhidhong, dheweke ngaku marang dheweke yen anggone pesen jalaran dheweke ngilangna STNK-ne Adi. Dheweke ora gelem ngurus ing samsat jalaran ragade akeh tur angel.

Gegambaran malsu cerbung iki mujudake gegambaran kadurjanaan sing kerep dumadi ing urip bebrayan. Kaya kang dumadi ing dhaerah Kuningan, Jakarta. Polisi kasil nyekel durjana sing nggunakake STNK lan BPKB palsu.

Nyerang

Nyerang mujudake salah sawijine tumindak kang ngrugekake liyan. Nyerang kalebu salah sawijine wujud kadurjanaan. Nyerang bisa awujud nggunakake piranti utawa tanpa nggunakake piranti. Nyerang sajrone cerbung iki mujudake nyerang sing nggunakake piranti. Piranti kang digunakake para durjana ing kene yaiku awujud golok utawa lading sing ukurane gedhe.

Paraga sajrone cerbung sing dadi kurban saka tumindak kadurjanaan iki yaiku Pak Iskandar. Pimpinane PT. Abhirama sing ora liya yaiku atasane Adi. Kedadeyan iki wis lumaku ing jaman kawuri, yaiku nalika Pak Iskandar isih dadi mahasiswa lan nganakake acara kemah ing gunung Merapi. Kedadeyan iki dicritakake karo Pak Iskandar marang Kapten Polisi Sujarwo, nalika dheweke uga dipriksa minangka wong sing dicubriyani dadi pelaku sing merjaya Enggaringrum.

Kedadeyan iki dumadi ing jaman kawuri, yaiku nalika Iskandar isih dadi mahasiswa. Dheweke nganakake kemah ing Gunung Merapi karo kanca-kancane. Wektu iku gunung Merapi dikuwasani karo para durjana, sing kerep njarah bandhane wong-wong desa sing ana ing ereng-ereng gunung mau. Mula saka iku, yen wayah ngancik surup desa mau wis sepi banget. Lawang-lawang omah wis padha tutupan jalaran wedi dijarah karo para durjana.

Iskandar meh koncatan nyawa jalaran dheweke ujug-ujug dikepung karo para grombolan durjana sing nguwasani wewengkon gunung Merapi. Kedadeyan iki nalika dheweke ing kemah ijen, kanca-kancane liyane padha lapur menyang kelurahan ngenani dheweke sing nganakake kemah ing gunung Merapi. Salah siji durjana ujug-ujug wis ana ing mburine kanthi nggawa clurit sing wis tumemplek ana ing gegere. Pethikan sing nuduhake tekane para durjana mau bisa dideleng saka pethikan iki.

“Kala nembe ketungkul masak, dumadakan mboten sumerep sangkan paranipun, kraos wonten barang landhep mepet ing geger kula. Sareng kula grayangi, kula kaget sanget. Awit ingkang ing geger kula menika golok. Langkung kaget malih sareng kepireng swanten nyentak.

“He... kowe bangsane menus apa dhemit? Saka ngendi kowe, kok wani ngambah tlatah Merapi? Ijen pisan. Goblog apa kowe ora ngerti yen Merapi kuwi wewengkon kang dikuwasani grombolan Bledheg Sayuta.” (Suroso, 2009:25)

Pethikan mau nggambarake kahanane Iskandar sing lagi dikupengi para durjana. Dheweke dianggep dudu manungsa jalaran wani ngambah gunung Merapi ijenan tanpa kanca. Kamangka ing wektu iku gunung Merapi dikuwasani karo para durjana sing bisa wae merjaya dheweke. Iskandar wis ora bisa tumindak apa-apa saliyanedong marang Gusti. Yen dheweke meksa nglawan para durjana mau, asile wis ketok nyata. Dheweke bakal dipilara nganti tekane pati, kakuwatan lan cacache sing diadhepi ora sebandhing karo mungsuh ing ngarepe.

Sawise ngancem Iskandar kanthi nggunakake clurit, para durjana mau banjur ngrusak kemah. Beras, gula, kopi, rokok, lan piranti masak dirampas. Iskandar banjur diglandhang menyang ara-ara ing tengah alas. Ing ara-ara dheweke digebugi lan dipulasara. Iskandar dicubriyani dadi telik sandhine polisi. Dheweke mung bisa pasrah yen pungkasane nyawane bakal oncat ing panggonan mau kanthi cara sing wengis jalaran diperjaya dening durjana. Rasa pasrahe Iskandar pranyata ana asile, jalaran ana wong sing ndilalah teka lan nulungi dheweke. Pethikan kang nggambarake ana wong sing nulung dheweke bisa dideleng ing ngisor iki.

“Manah kula pepes. Kula pasrah, menapa ingkang badhe kedadosan. Salah setunggaling durjana ingkang inggil ageng, praenanepun nggegilani ngliga golok badhe dipuntamakaken kula. Dumadakan mboten kula kinten babar pisan, golokipun menceles. Lan ... bleber... wonten tiyang mlumpat ing tengah ara-ara, nyudukaken pedhang kening lempengipun

durjana ingkang badhe merjaya kula wau. Durjana ageng inggil menika njerit sora, lajeng nggeblag.” (Suroso, 2009:25)

Pethikan mau nggambarake yen ana wong sing ora ngerti saka ngendi parane, dumadakan bisa kasil nggawe durjana mau tiba glanggaran. Wong iku kang bisa nylametake nyawane Iskandar saka wengise para durjana mau. Pranyata wong sing teka nulungi Iskandar mau yaiku Mas Handaya. Kanca sinarawedine Iskandar kang wis dianggep luwih saka sedulur.

Handaya ngongkon supaya Iskandar sumingkir saka kana lan nylametake awake saka para durjana mau. wiwitane Iskandar nulak, dheweke pengin ngancani Handaya ngadhepi para durjana. Pungkasane dheweke milih sumingkir saka kana. Dheweke milih tumindak kaya mangkono jalaran pengin njaga penggalih Handaya. Iskandar ora kepengin nggawe cuwa atine Handaya, jalaran yen dheweke tetep ana kana ateges dheweke ngremehake kakuwatane Handaya.

Iskandar milih ndhelik ing mburine grumbul satengahe ara-ara. Saka papan kana dheweke bisa nyawang kaya apa tumandange Handaya anggone nglawan para durjana mau. Dheweke jaga-jaga yen Handaya kepepet, Iskandar arep metu saka kana lan mbiyantu Handaya kanggo nglawan para durjana mau. Kahanan kang njlentrehake trampile Handaya nglawan durjana bisa dideleng saka pethikan iki.

“Tandangipun Mas Handaya ngedab-edabi, kados bantheng ketaton. Pedhang samurai dipunsabetaken ngiwa nengen, nggegirisi sanget. Salah setunggaling anggota grombolan rubuh kasebet samurai. Tiyang menika sambat gero-gero.” (Suroso, 2009:26)

Pethikan kang nggambarake kaya apa tingkahe Handaya anggone nglawan para durjana mau. Handaya kaya-kaya wis ora bisa dikalahake, apa maneh bareng weruh salah siji durjana mau kebabit samurai. Bab iki kang njalari para durjana wiwit ngrasa kepepet, sadhar yen wong sing diadhepi ing ngarepe dudu wong baen-baen.

Wong ing ngarepe yaiku wong kang nduwe samurai sing bisa ngetokake cahya wungu. Ateges samurai iku duwe daya kasekten kang gedhe, dudu samurai biyasa. Para durjana sing nyawang kahanan mau langsung mlayu keponthal-ponthal ninggalake panggonan mau. Ana salah siji durjana sing sajak nantang marang Handaya, dheweke mbengok yen arep merjaya dheweke jalaran wis nggawe kancane ketaton lan koncatan nyawa. Pethikan kang njlentrehake bisa dideleng ing ngisor iki:

“Nanging durjana ingkang setunggal nekad, ngrangsang Mas Handaya kanthi golok mingis-mingis. Mas Handaya rada kalenan, awit kawigatosanipun katujokaken dhateng durjana sekawan ingkang mlajeng. Golok landhep ngengingi epek-epekipun Mas Handaya sisih kiwa. Drijinipun tiga rantas. Nanging, sinaosa drijinipun tiga tatu, Mas Handaya kanthi trengginas njojohaken samurainipun, persis kening dhadhanipun durjana. Durjana ingkang

nekad wau dhawah glanggaran.” (Suroso, 2009:26)

Pethikan mau nggambarake yen Handaya ketaton jalaran kena goloke durjana, drijine cacah telu rantas. Kedadeyan iku ora njalari Handaya kalah, malah dheweke kasil nggawe durjana mau oncat nyawane. Sawise dirasa kahanane wis aman, Handaya nggoleki Iskandar kanthi celuk-celuk jenengene. Iskandar metu saka grumbulan. Wong loro langsung rerangkaian kanthi kebak rasa syukur jalaran bisa slamet saka para durjana sing wis nyerang Iskandar lan Handaya.

Mitenah

Tumindak mitenah sajrone Cerbung Njareming Pangigit-igit bisa dideleng saka tumindake paraga Anwar. Tujuwan saka mitenah iki supaya jenenge Adi iku rusak ing ngarepe pimpinan PT. Abhirama. Wiwitane yaiku anane kedadeyan unjuk rasa utawa demo saka para karyawan PT. Abhirama. Para karyawan iku nuntut keadilan saka pihak perusahaan ngenani upah minimum karyawan sing dirasa kurang. Tuntutan liyane yaiku akeh para karyawan sing rumangsa opah anggone nyambut gawe ora cocog karo jam kerjane alias ana wong kang sengaja ngurangi opah kang kudune ditampa karo para karyawan kasebut. Pethikane kaya mangkene.

“Rikala anggone ngracik gagasan durung rampung, dheweke ngrungu swara rame-rame ing njaba. Pram ngungak saka jendhela, nyawang mengisor. Para karyawan udakara rong ewunan padha nganakake unjuk rasa. Swarane pating brengok, nelakake tuntutan. Sawetara karyawan nggawa spandhuk warna-werna. Ana spandhuk kang gawe kaget lan ngabangake kupinge Pramudya. “Bidang Tata Karya tidak becus kerja”. Malah ana sing mojokake Adi. “Kepala Bidang Tata Karya memanipulasi jam lembur karyawan.” (Suroso, 2009:20)

Pethikan mau nggambarake kahanan para karyawan sing lagi demo ing kantor. Para karyawan sing cacah ewonan iku meksa arep mlebu kantor bidhang Tata Karya.

Kedadeyan kang nggambarake pitenah ora mung awujud unjuk rasa para karyawan, ana kedadeyan maneh kang njalari jenenge Adi keseret maneh. Kedadeyan mau yaiku bocore proyek pengolahan limbah industri. Adi minangka kepala bidang Tata Karya mesthi bakal kena dakwa yen bocore penampungan limbah iku jalaran pokal gawene. Bisa wae saka kalkulasine dheweke sing salah nalika mimpin proyek pembangunan penampungan limbah mau, bisa wae uga matrial sing kurang apik banjur nuwuhake bocore *water treatment* iku mau.

Nyolong

Nyolong sing dumadi sajrone cerbung Njareming Pangigit-igit yaiku awujud nyolong kendharaan, arupa sepedha motor lan mobil. Paraga sing nindakake yaiku Dhidhiong lan sakancane. Dheweke dodolan sepedha ing

pasar loak, sepedha motor iku asile saka nyolong ing dhaerah-dhaerah liya. Dhidhong kecekel pulisi wiwitane saka dheweke nrobos lampu merah ing prapatan lan nyrempet tukang becak. Saka kedadeyan iku pungkasane pulisi bisa mbongkar kadurjanane Dhidhong sakancane. Pethikane ing ngisor iki.

“Kijang Super munting ngiwa, nabrak trotoar. Dhidhong dicekel. Mobile ditahan ana kantor polisi. Teka kantor polisi, mobil dipriksa. Sakawit Dhidhong ora ngaku yen kuwi mobil colongan. Nanging bareng diteter terus lan bukti-buktine cukup kuwat, dheweke kepeksa ngaku. Malah kepeksa nuduhake gudhang panggonan nyimpen sepedha motor colongan. Sawise Dhidhong sakancane kepikut, polisi nggledah gudhang sindhikat curanmor. Sepedha-sepedha motor lan mobil colongan tinemu ing gudhang. Mereke warna-werna.” (Suroso, 2009:29)

Pethikan mau nggambarake kahanan nalika Dhidhong kecekel polisi. Dheweke uga kepeksa nuduhake panggonan nyimpen sepedha lan mobil asile nyolong ing dhaerah-dhaerah liya. Gudhang lan saisine dadi bukti sing kuwat saka tumindak agresife. Mula saka iku, dheweke pasrah sumarah, ora bisa suwala maneh. Ing pikirane Dhidhong mung rumangsa kuwatir yen iki dadi pambuka kanggo mbongkar tumindak-tumindake dheweke liyane, tumindak sing nerak paugeran sing ana.

Dhidhong mujudake kaca pangilon saka uripe manungsa kang mung nuruti hawa nepsu wae saengga lali marang paugeran kang wis ana. Dhidhong kepengin sugih, nanging carane dheweke iku sing salah anggone nggayuh pepinginane kasebut. Tumindake iku bakal nggawe wong liya nandang lara lan pituna, kamangka dheweke uga ora gelem yen kena tumindak agresif kaya mangkono.

Faktor Sing Njalari Agresi

Kacingkrangan

Kacingkrangan mujudake salah siji faktor lingkungan sing mangaribawani tuwuhe agresi kang ana sajrone manungsa. Bab iki jalaran kahanan sing meksa wong nekad tumindak apa wae kanggo nyukupi kabutuhan. Saengga tumindak ala wis dianggep lumrah. Kahanan sing sarwa kurang, nanging kabutuhan njaluk dicukupi terus nyebabake wong nggolek dalan liya supaya bisa nyukupi kabutuhan mau. Ngrampog, nyolong, nyopet bisa dadi pilihan wong sing kepepet anggone nyukupi kabutuhan.

Agresi kang dipangaribawani karo kacingkrangan sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit* bisa dideleng saka paraga Dhidhong sakanca. Dheweke nduwe usaha adol sepedha motor bekas ing pasar loak. Sepedha-sepedha mau asile saka nyolong. Dudu asil tuku saka wong liya.

Kahanan mau bisa dideleng saka cecaturan antarane Adi lan Kapten Polisi Sujarwo nalika Adi menyang kantore. Akeh kendharaan sing ditahan ing

kantor polisi mau. Kendharaan-kendharaan sing ana sing kurang lengkap piranti pengaman lan kendharaan sing disujanani asil saka colongan. Pethikane kaya mangkene.

“Durung mesthi. Wis sepuluh dina iki, polisi nganakake operasi gedhen-gedhenan. Akeh kendharaan sing tanpa piranti pengaman, kaca spion, lampu reteng, lampu rem, tutup pentil, kotak PPPK, reme ora makan, lan isih akeh kekurangan liyane. Kendharaan-kendharaan kuwi cukup ditilang. Kendharaan sing nuwuhake rasa sujana, kepeksa ditahan. Sawise ditliti, nyatane akeh kendharaan sing nomer rangka lan nomer mesine ora cocog karo nomer sing ditulis ana STNK. Bisa uga kuwi kendharaan colongan.” (Suroso, 2009:28)

Pethikan mau nggambarake yen polisi kerep nindakake operasi kanggo para kendharaan roda loro utawa papat. Bab mau jalaran akeh lapuran saka masyarakat ngenani akehe kendharaan sing dicolong. Pungkasane, asil saka operasi mau tinemu kendharaan sing nomer rangka lan nomer mesine ora cocog karo STNK. Kendharaan-kendharaan iku kang disujanani dadi kendharaan asil saka colongan.

Kapten Polisi Sujarwo uga njlentrehake yen para curanmor saiki wis padha pintere karo polisine, saengga angel kanggo dilacak panggonane. Kendharaan asil colongan mau uga wis ana STNK-ne, STNK palsu. Mula kapten polisi mau ngomong yen siki durjana lan polisine padha pintere.

Dhidhong konangan yen adol barang colongan saka trekahe Hartadi karo Anggia. Kalorone dadi telik sandhine polisi kanggo mbongkar komplotan curanmor. Kalorone apen-apen arep tuku sepedha motor ing pasar loak, Hartadi sing pinter anggone mikut atine sing adol sepedha, Parna kasil ngerti panggonan gudhang kanggo nyimpen sepedha montore.

Parna wis kepikut karo komisi sing diwenehake Hartadi kanggo dheweke lan kanca-kancane, saengga omongane Badrun sing nglarang Parna kanggo ngajak Hartadi menyang gudhang ora digape. Badrun wedi yen Dhidhong bakal nesu, jalaran gudhang iku isine karo barang-barang asil saka colongan. Dadi, ora kabeh wong sing bisa mlebu gudhang mau. Pethikane bisa dideleng ing ngisor iki.

“Kowe weruh dhewe, wonge breteh, semanak. Dheweke menahi komisi ora medhit. Bocah-bocah rak siyaga ana gudhang. Mengko yen wong kuwi arep neka-neka, bocah-bocah rak bisa mberesi.” (Suroso, 2009:29)

Pethikan ing ndhuwur njlentrehake yen Parna mujudake wong sing gampang disuap nggunakake dhuwit. Iki ateges Parna lagi mbutuhake dhuwit, saengga sapa wae sing menahi komisi ya bakal diajani. Kacingkrangan dadi faktor sing kuwat kang njalari Parna nglakoni tumindak iki.

Emosi

Faktor sabanjure sing dadi faktor tuwuhe agresivitas sajrone cerbung iki yaiku awujud emosi. Nesu utawa emosi mujudake salah siji sipat sing mesthi ana ing saben manungsa, jalaran manungsa nduwe pangrasa sing bisa nuwuhake emosi mau. Kanepson sing ana sajrone cerbung iki awujud rasa pangigit-igit. Pangigit-igit kang tuwuh jalaran emosi sing wis suwe dipendhem ing njero ati. Emosi mau banjur owah dadi rasa dendham marang salah siji wong. Dendham iki kang bisa njalari tumindak agresif kedadeyan.

Dhendham sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit* digambarake saka paraga Anwar. Dheweke nyimpen rasa pangigit-igit marang adhine dhewe yaiku Adi. Rasa pangigit-igit iku sumimpen sajrone atine suwene puluhan taun, wiwit dheweke isih sekolah ing SD.

Pangigit-igit iku tuwuh jalaran rasa cemburune dheweke marang adhine. Prekarane yaiku Anwar rumangsa koncatan katresnanan saka wong tuwane nalika Adi lair. Dheweke ora trima yen wong tuwane iku luwih tresna marang Adi tinimbang dheweke. Apa maneh sawise Anwar weruh yen sejatine dheweke iku dudu anak kandhunge ibu bapane, rasa cemburu marang Adi tansaya gedhe. Kahanan iki bisa dideleng saka pethikan iki.

“Sih katresnan Pak Sahal sekalinyan kasok sawutuhe marang Adi, senjata Anwar uga tetep ditresnani. Nnaging Anwar rumangsa kelindhah. Dheweke gela merga saiki ana tandhingane. Mula, Anwar tambah nakale.” (Suroso, 2009:25)

Pethikan mau nggambarake Anwar sing tansaya suwe tansaya nakal. Dheweke wis kerep judhi dhadhu lan dhomino. Omben lan udud wis dadi kebiasaane. Dolan saben wengi mulih nganti parak esuk. Suwe-suwe ibune wis jengkel, banjur Anwar didukani entek-entekan. Pungkasane ibune keprucut nganti nyebut tembung anak angkat ing ngarepe Anwar. Anwar langsung muntab nesune, dheweke salah tanpa marang omongane ibune mau.

Anwar njupuk arit ing pawon, dheweke arep mateni ibune. Bu Sahal ora bisa tumindak apa-apa saliyané mung njerit kewedan marang tingkah polahe Anwar sing wis kaya bocah kesetanan. Bocah umur rolas taun sing wis aep mateni ibune sing wis ngramut dheweke wiwit lair nganti tekan samono gedhene. Pethikan kang nggambarake kahanan mangkono bisa dideleng ing ngisor iki.

“Yen Ibu bosen nduwe anak angkat, aku arep lunga saka kene. Nanging sadurunge aku lunga, Ibu dakpateni dhisik. Sanalika Bu Sahal njerit kewedan. Gimin, pembantune Pak Sahal mlayu-mlayu mrepegi. Kanthi trengginas Gimin nyikep Anwar. Arite direbut.” (Suroso, 2009:32)

Pethikan mau kaya apa sikepe Anwar sing nggambarake sipat agresife dheweke wis katon nalika dheweke isih bocah. Kedadeyan mau ora ndadekake dheweke kapok, Anwar tansaya nakal. Apa maneh bareng dheweke mlebu SMA, penggaweyane mung nggodha bocah-bocah wadon. Pak Sahal kerep banget diundang

menyang sekolah antuk pepenget gegayutan karo kenakalane Anwar.

Faktor Biologis

Faktor biologis ing kene bisa diperang dadi telu, yaiku gen, sistim otak lan kimia darah. Gen mujudake salah sijine faktor kang bis menahi pangaribawa gedhe tumrap wong anggone tumindak agresif.

Anwar dadi paraga sing nindakake agresi jalaran pangaribawane hormon testoteron sing ana sajrone awake. Dheweke tegel merjaya Enggar ngrum jalaran koncatan katresnan saka randha lencir kuning mau. Anwar sing nduwe pamikiran kanggo merjaya Enggar, nanging sing nglakoni yaiku Bambang, pembantune Enggar dhewe.

Anwar wis suwe ngesir marang Enggar wiwit dheweke lan Adi isih ngekos ana omahe Enggar. Katresnane ora antuk piwales saka Enggar jalaran wanita kuwi wis ngesir dhisik karo adhine Anwar, yaiku Adi. Bab iki sing njalari dheweke nduwe pamikiran sing ala kaya mangkono, yaiku merjaya Enggar.

“Piyambakipun kerep nglirak-nglirik Bu Enggar. Namung katingalipun Bu Enggar mboten nglangati. Nate kula marangguli Mas Anwar nginceng Bu Enggar ingkang nembe siram. Dipun inceng saking bolongan kunci.” (Suroso, 2009:24).

Saliyané nginceng Enggar, Anwar uga tau nekad melbu neng kamare Enggar sing lagi wae bar adus. Enggar dirangkul saka mburi sing njalari wanita mau njomblak lan muntab nesune. Sanalika Enggar ngempleng pipine Anwar lan ngomong bab sing njalari atine Anwar ketaton.

Tumindak sing dilakoni Anwar iki mujudake efek saka hormon testotern sing dhuwur ing njero dirine Anwar. Dheweke wis ora bisa ngempet pepingane kanggo andon katresnan karo Enggar. Bab mau kang njalari dheweke nekad tumindak kaya mangkono.

Anwar sing rumangsa dheweke diina karo Enggar atine lara banget. Mula dheweke tegel ngongkon Bambang supaya merjaya Enggar, jalaran hormon testoteron sing ora bisa dikontrol Anwar tegel tumindak sing kaya mangkono. Merjaya wong liya kanthi alesan katresnan kang ora antuk piwales saka wong sing ditresnani.

Anwar kabukti sing merjaya Enggar kanthi ngongkon wong kanggo nglakoni tumindak ala mau saka pengakuwane nalika dipriksa karo polisi. Dheweke wis rumangsa lega jalaran bisa mateni Enggar. Anwar rumangsa dislingkuhi karo Enggar, miturut dheweke Enggar iku nduwe sesambungan katresnan karo Adi. Kamangka satemene mung Enggar wae sing tresna karo Adi, nanging Adi ora nggape katresnane wanita iku.

“Piyambakipun pacar kula. Ning kula kecolongan. Pranyata Enggar niku wanita gampang, pawestri lelemeran. Lonthe amoh. Piyambake nyleweng, slingkuh kaliyan Adi. Ning sakniki kula sampun marem. Enggar modar, empun bangsa. Mayite empun kula

cacah-cacah, kula sebar ing jobin niku.”
(Suroso, 2009:31).

Sawise nggawe pengakuwan yen dheweke sing merjaya Enggar kanthi ngongkon wong liya, Anwar sok sok kaya wong ora waras pikire. Ditakoni ora jawab, dipeksa kaya apa wae tetep bungkem. Mula Anwar banjur dilebokake sel kanggo dijalku katrangan luwih jeru ngenani tumindake.

Bambang mujudake paraga katelu sing nindakake agresi jalaran dipangaribawani karo hormon testoteron kang ana sajrone awake. Dheweke mujudake wong kang dikongkon karo Anwar kanggo merjaya Enggar. Saliyane merjaya, Bambang uga ngruda peksa Enggar sawise bendarane kuwi wis dadi jisim. Kamangka Bambang mung dikongkon Anwar supaya merjaya Enggar wae, ora ngongkon mrawasa, ateges tumindak iku asale saka awake dhewe.

Bambang iku sejatine pembantu sing sregep, dheweke akas anggone ngayahi jejibahane minangka pembantu ing omahe Enggar. Dheweke wis melu Enggar wis suwene 8 taun sawise dheweke lulus SMP. Omah dadi siji karo Enggar ndadekake dheweke kerep migatekake kagiyatan saben dinane bendarane kuwi. Suwene-suwe dheweke kepincut karo bendarane sing isih kinyis-kinyis kuwi.

“Ing kamare Bambang, rewange Enggarningrum, tinemu fotone Enggarningrum nganggo busana renang. Foto ukuran 20 x 25 cm kuwi gumlethak ing kasur, sangisore bantal.”
(Suroso, 2009:24).

Bambang minangka priya normal uga nduwe rasa seneng marang wong wadon ayu. Apa maneh Enggar iku wanita sing ayu, lencir kuning praupane kamangka wis randha. Foto sing ana ing ngisor bantal iku dicolong saka album fotone Enggar. Dheweke milih sing Enggar nggawe pakeyan renang. Iki mujudake reaksi saka hormon testoteron sing dinduweni saben priya.

Kurange Pendidikan

Pengeran nyiptakake makhluk ing donya iki kanthi kodrat sing padha. Sing dadi pambada antarane manungsa karo makhluk liyane, yaiku manungsa kadunungan akal. Akal minangka anugrah saka Pengeran sing pungsine kanggo mikir. Kanggo mbedakake endi sing pener endi sing salah. Endi sing kudu ditindakake endi sing kudu diadohi.

Gegambaran kurange pendidikan sing diwawas sajrone cerbung iki digambarake dening paraga Anwar. Dheweke sekolah tujuwane ora nggolek ilmu, nanging golek ijazah. Dheweke sekolah uga jalaran wedi karo wong tuwane, ora teka saka atine dhewe. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Tujune Anwar bisa ngrampungake SMA. Senajan bijine mepet banget.....”

“Beda karo Anwar, wiwit cilik Adi mbangun turut pitutur wong tuwane. Sekolahe wiwit SD nganti SMA rancang. Malah ana fakultas teknik

mesin Adi lulus kanthi predikat cum laude.”
(Suroso, 2009:32)

Pethikan mau nggambarake yen Anwar iku sekolah ora jalaran karep nanging dipeksa saengga dheweke lulus kanthi biji mepet banget. Ilmu sing oleh saka sekolah dadi ora ana paedahe. Budi pekerti sing diwulangake ing sekolah ora dadi lelandhesan kanggo tumindak lan srawung karo wong liya.

Kamangka Anwar iku lulusan SMA, nanging patrape dheweke meh padha karo bocah sing ora tau mangan bangku sekolah. Bab iki jalaran tumindake dheweke iku kaya ora bisa mbedakake endi sing bener endi sing salah. Patrape meh padha karo patrape kewan sing ora nduwe rasa kamanungsan mring sasama.

Yen Anwar nduwe sipat kaya Adi, sregep sinau lan madhep mantep anggone golek ilmu dheweke mesthi bakal sukses kaya adhine. Bisa antuk pegaweyan sing maton lan kalungguhan sing dhuwur ing perusahaan. Ora kaya Anwar, sing bisa antuk pegaweyan ya jalaran trekahe adhine. Mula dheweke ya mesthine kudu lila legawa mung dadi pegawe biyasa ing perusahaan Abhirama. Bab iki jalaran tingkat pendhidhikan sarta pengalaman sing dinduweni.

Gegambaran kurange pendidikan sing nyebabake tumindak agresif sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit* uga bisa dideleng lumantar paraga Bambang. Bambang mujudake paraga sing dikongkon Anwar kanggo merjaya Enggar. Dheweke tegel tumindak kaya mangkono jalaran tingkat pendidikan sing ditampa karo dheweke mung winates saka SMP. Pethikane ing ngisor iki.

“Sampun wolung taunan, Pak. Wiwit kula tamat SMP. Kala semanten Bu Enggar dereng pisah kaliyan garwanipun.” (Suroso, 2009:24)

Bambang wis dadi batur ing omahe Enggar wiwit dheweke lulus SMP. Dheweke ora nerusake sekolahe jalaran kahanan kulawargane sing sarwa kurang. Mula iku dheweke nyambut gawe supaya bisa ngrewangi bot repote wong tuwane. Pendidikan sing kurang, ndadekake Bambang wong sing gampang kepincut marang *iming-iming* sing ditawarake karo wong liya. Kamangka iku dheweke kudu merjaya wong sing wis menahi pegaweyan marang dheweke. Bambang ora bisa mbedakake endi sing pener endi sing salah.

Pangaribawane Medhia

Medhia ing kene bisa awujud TV utawa video game. Medhia mujudake salah sawijine faktor kang nduweni pangaribawa tumrap tumindak agresi. Akeh kang mawas yen proses niru ing televisi utawa media liyane ora didhasari karo *rasionalitas*. Akeh-akehe wong kang ndeleng tumindak aksar ing TV bisa melu-melu agresif.

Gegambaran tumindak kasar ing media massa bakal ningkatake agresi marang bocah-bocah utawa wong diwasa. Akeh bukti kang nyengkuyung tumrap kanyatan kasebut. Kayata, sajrone eksperimen jangka pendek, bocah-bocah utawa wong dewasa sing kerep

ndeleng film utawa tayangan tv sing ana unsur tumindak kasar bakal nuwuhake sipat agresif sing luwih gedhe. Bocah dadi luwih nglawan marang wong tuwa lan milih nggunakake *kekerasan* kanggo ngrampungsi sawijine prekara.

Faktor sing njalari bocah nindakake *kekerasan* bisa maneka warna, kayata kondhisi ekonomi lan lingkungan. Medhia televisai nduwe peran sing gedhe kanggo mangaribawani tuwuhe sipat agresif sajrone bocah. Kedadeyan-kedadeyan iki dadi tuladha saka kasus *kekerasan* anak jalaran ndeleng giyaran ing televisi. Ing ngisor iki bakal diandharake tuladha saka kasus *kekerasan* anak sing dijupuk saka laman web (<http://www.remotivi.or.id>).

1) Gulat “Smack Down”

Taun 2006 giyaran “Smack Down” ing televisi ditutup sawise akeh bocah sing dadi kurban jalaran ndeleng lan niru adegan sing ana ing acara iki. Kurang luwih ana 7 kasus *kekerasan* sing ditindakake bocah jalaran ndeleng acara iki.

2) Eksekusi Saddam Hussein

Ukuman pati Saddam nalika 30 Desember 2006 sing digiyarna ing saperangan jaringan televisi ing Arab Saudi lan negara-negara Barat. Saka giyaran iki ana 5 bocah sing dilapurake tiwas jalaran gantung diri niru ukuman pati Saddam ing televisi.

Panglereming Tumindak Agresif

Agresivitas ing kene saperangan bisa digolongake minangka wujud kadurjanan bisa uga mung tumindak sing nerak paugeran. Agresivitas kalebu kadurjanan yen tumindake mau bisa nggawe larane lan pitunane wong liya, saliyane iku tumindakeuga nerak angger-angger lan paugeran kang ana. Saka pangerten mau, mula akeh upaya kanggo ngleremake utawa ngurangi tumindak iki kedadeyan.

Sipat agresif sing ana sajrone dhiri manungsa sejatine bisa dikendalekake kanthi nggunakake cara-cara sing miturute paling *efektif*. Para ahli psikolog wis nggawe rumusan cara-cara sing bisa ditrapake kanggo ngurangi agresi sing dumadi ing salah siji wong. Cara-cara mau bisa awujud katarsis, ukuman, pembelajaran sosial, lsp. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake maneka warna cara kanggo mungkasi tumindak agresif. Perangan kapisan sing bakal diandharake yaiku cara mungkasi agresivitas kanthi cara ukuman. Panjlentrehane bisa dideleng ing ngisor iki.

Ukuman

Ukuman utawa *punishment* mujudake *konsekuensi* sing diwenehake saka pihak sing nduwe wewenang kanthi tujuwan supaya agresi bisa dikendalekake. Ukuman dadi cara sing mesthi ditindakake kanggo mungkasi sawijne tumindak agresif. Bab iki bisa dideleng saka agresivitas kang ditindakake karo individu, institusi nganti negara mesthi nggunakake ukuman dadi cara kanggo mungkasi tumindak agresif.

Bab iki jalaran ukuman bisa menahi sipat kapok marang wong sing nindakake agresi.

Ukuman kanggo mungkasi tumindak agresif sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit* bisa dideleng saka paraga Dhidhong lan Anwar. Kaloro paraga sajrone cerbung iki pungkasane antuk ukuman sawise asil pepriksan saka polisi njlentrehake yen dheweke kesangkut prekara kadurjanan. Pethikan ing ngisor iki njlentrehake wiwitane Dhidhong kecekel polisi jalaran dheweke dadi pelaku curanmor lan pemalsuan STNK.

“Kijang Super munting ngiwa, nabrak trotoar. Dhidhong dicekel. Mobile ditahan ana kantor polisi. Teka kantor polisi mobile dipriksa. Sekawit Dhidhong ora ngaku yen kuwi mobil colongan. Nanging bareng diteter terus lan bukti-buktine cukup kuwat, dheweke kepeksa ngaku.” (Suroso, 2009:29)

Polisi kasil nyekel komplotan curanmor iku jalaran trekahe Anggia lan Hartadi. Wong loro iki minangka telik sandhine polisi sing diwenehi jejibahan kanggo nyelidiki panggonan nyimpen barang asil colongan. Satekane ing gudhang kana, dheweke weruh mobil Jimy sing dicubriyani dadi kendharaan sing ditumpahi karo wong sing ngrusak unit pengolahan limbah ing PT Abhirama. Pethikane kaya ing ngisor iki:

“Hartadi lan Anggia mlebu, mripate nglirik nomer omah. Lagi wae mlebu plataran gudhang, nom-noman sarimbit weruh Jimmy biru ing plataran gudhang. Lagi wae mentas dikumbah. Anggia nglirik Jimmy biru, nomer polisine dicathet sajroning batin.” (Suroso, 2009:29)

Kahanan ing gudhang sing sadurunge sepi dumadakan owah dadi rame jalaran swara sirine mobil polisi sing mbengung. Kendharaan iku nrabas mlebu gudhang nganti gawe Parna mlongo saking kagete. Preman-preman sing njaga ing gudhang langsung siyaga arep nglawan nggunakake clurit lan golok. Mentale preman-preman mau sanalika ciyut jalaran meruhi pimpinane wis diborgol karo polisi. Pethikane bisa dideleng ing ngisor iki:

“Weruh pimpinane diborgol, Parna lan kancakancane miris. Luwih miris maneh, bareng Letda Polisi Hartai karo Letda Polwan Anggia ngincerake pistol marang anggota komplotan curanmor mau. Tanpa diprentah padha angkat tangan. Sindikat curanmor bisa digulung polisi.” (Suroso, 2009:29)

Pethikan mau nggambarake kahanan anak buwaha Dhidhong sing ora bisa nglawan polisi jalaran pimpinane wis dicekel dhisik. Niyate arep mbacok utawa nyluriti sanalika ilang meruhi kahanane Dhidhong sing wis tanpa daya lan pasrah. Apa maneh bareng weruh Hartadi lan Anggia ujug-ujug wis ngincerake pistol marang dheweke. Mula saka iku, para komplotane Dhidhong wis ora bisa tumindaka apa-apa saliyane angkat tangan ateges nyerah.

Katarsis

Manungsa mujudake makhluk sosial jalaran manungsa ora bisa urip tanpa pitulungane wong liya. Saben dina manungsa mesthi srawung karo tangga teparone, kanca ing sekolah, panggonan kerja, pasar, lsp. Anggone sesambungan karo wong akeh, kadhang kala wong siji lan liyane nduwe panemu sing beda ngenani samubarang. Pamikiran sing beda iki kang bisa nuwuhake regejangan sing bisa njalari padu antarane wong kasebut. Asile yaiku antarane wong mau nduwe ati mangkel marang sijine. Saka wiwitan mangkel iku bisa nuwuhake pangigit-igit sajrone atine. Pangigit-igit sing tansaya njarem bisa nyebabake sawijine wong nekad nindakake tumindak agresif marang wong sing diigit-igit.

Tumindak agresif mau sejatine bisa dileremake sawetara saengga ora dadi tumindak sing bisa nggawe pitunane wong liya. Cara kanggo nglremake iku diarani katarsis. Katarsis dianggep prelu kanggo ngurangi dampak saka tumindak agresif sing luwih mbebayani. Katarsis mujudake cara sing dianggep gampang kanggo ngurangi efek agresif jalaran agresif bisa dipindhah menyang objek sing bisa dadi *pelampiasan*.

Katarsis sing ditindakake Anwar kanggo nglremake agresif sing ana sajrone awake pungkasane nuwuhake tumindak sing nekad. Puncak saka agresivitas Anwar yaiku dheweke merjaya Enggarningrum. Dheweke uga ngrancang supaya sing didakwa dadi pelaku sing nindakake rajapati mau yaiku Adi. Kanthi reka-rekane dheweke kasil nindakake kabeh rancangane mau. Adi kepojok dadi pelaku sing merjaya Enggar.

Anwar pancen nduwe pangigit-igit sing gedhe banget marang wong loro mau. Pangigit-igit sing wis disempen nganti puluhan taun. Agresivitas sing ditindakake Anwar dibuktekake saka papriksan kajiwan sing ditindakake karo polisi. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Yen ngono pancen ana bukti kajiwan sing njalari Anwar nduweni tindak culika, nganti keblusuk ing jagading kadurjanan.” Kapten Polisi Sujarwa nelakake panemune.” (Suroso, 2009:32)

Pethikan mau nggambarake kahanan kajiwane Anwar nalika dipriksa ngenani tumindak agresife. Katarsis kang ditindakake sasuwene iki kanggo nglremake agresif sing ana pranyata ndadekake dheweke dadi manungsa sing luwih kejem. Agresif kang dileremna kalair dadi tumindak merjaya wong liya. Mula saka iku, katarsis pancen dianggep bisa nglemake agresif swetara, annaging ora asipat sateruse. Katarsis uga dianggep njalari agresif sawijine wong tansaya gedhe tinimbang sadurunge dileremake.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar andharan proses lan asiling panliten bab agresivitas kanthi nggunakake tintingan Psikologi Sastra mligine Psikologi Sosial miturut pamawase David G. Myers, bisa dijupuk dudutan kang diperang dadi telu. Sepisan yaiku gegambarane agresivitas sajrone cerbung

Njareming Pangigit-igit kang bisa diperang dadi nem gegambarane agresivitas, yaiku 1) merjaya, 2) ngruda peksa, 3) malsu, 4) nyerang, 5) mitenah, lan 6) nyolong. Agresivitas mujudake tumindak kang bisa nggawe lara lan pitunane wong liya. Saliyane bab mau, tumindak agresif uga ora laras karo etika lan moral sing diugemi karo masyarakat. Gegambarane tumindak agresif kaya sing digambarake sajrone cerbung iki mujudake tumindak-tumindak kang kerep kedadeyan ing urip saben dina.

Perangan sing kapindho, yaiku faktor-faktor sing njalari dumadine agresivitas sajrone cerbung *Njareming Pangigit-igit*. Faktor mau cacahé ana nem, yaiku 1) kacingkrangan utawa kahanan ekonomi sing sarwa kurang, 2) emosi jalaran katresnan kang ora antuk piwales, 3) faktor biologis dipangaribawani karo hormon kang ana sajrone manungsa. Hormon manungsa iku bisa diperang dadi loro, yaiku hormon testoteron lan hormon progesteron. Sajrone cerbung iki, hormon sing luwih mangaribawani tumrap tumindak agresif yaiku hormon testoteron, hormon sing menehi titikan jinis kelamin lanang, 4) frustrasi jalaran anane pepalang kanggo nggayuh tujuwan, 5) kurange pendhidhikan, bisa awujud kurang pendhidhikan moral lan agama, lan 6) pangaribawane medhia, televisi utawa video game kang giyarake tumindak *kekerasan*.

Katelu, carane nglremake agresivitas bisa diperang dadi loro, yaiku kanthi cara ukuman lan katarsis. Katarsis mujudake *pelampiasan* saka sipat agresif sing tuwuh marang barang-barang liyane kanggo nglremake emosi sing ana. Katarsis dianggep ora ngilangi agresivitas, nanging malah nambahi agresivitas sing ana. Ukuman dianggep dadi cara sing kerep digawe kanggo mungkasi agresivitas sing ana sajrone dhirine wong. Ukuman iki bisa awujud ukuman kunjara lan ukuman dendha sing kudu dibayar.

Tumindak-tumindak agresif sing digambarake sajrone cerbung iki bisa dadi patuladhan kanggo urip saben dina. Patuladhan iku ora wujud nyonto saka tumindak-tumindak gawe lara lan pitunane wong liya, nanging tuladha saka akibat saka nglakoni tumindak kaya mangkono. Dadi, pamaca bisa ngati-ati yen arep tumindak supaya ora nganti kedadeyan sing kaya digambarake sajrone cerbung iki.

Pamrayoga

Psikologi sing dumunung sajrone karya sastra mujudake samubarang sing narik kawigaten kanggo diteliti. Bab mau jalaran karya sastra mujudake asil pamikire pangripta kanthi dipangaribawani aspek psikologi sing dumunung sajrone dhiri pangriptane. Saliyane nliti watak paraga, psikologi sastra uga nliti babagan aspek-aspek pamikir lan pangrasane pangripta nalika nyiptakake sawijine karya sastra.

Panliten kang ditindakake iki isih adoh saka sampurna, jalaran panliten iki mung winates gegambarane agresivitas, faktor sing mangaribawani agresivitas, lan cara nglremake agresivitas. Mula saka iku, panliten iki isih akeh kakurangan lan kaluputan, mula saka iku diarep-arep supaya panliten sabanjure bisa

luwih nyempurnakake panliten sadurunge. Ewa semana, panliten iki diajab bisa menehi sumbangsih tumrap panliten liyane.

Tumrap para pamaos diajab bisa paring pamikiran anyar nalika ngripta karya sastra, lan bisa dadi bahan ajar kanggo pasinaon kanggone para siswa ing sekolahan. Saka cerita-cerita kang gamblang lan ora ditutup-tutupi, amrih bisa maenehi patuladhan kanggo para pamaca. Tuladha kang apik bisa dijupuk lan tuladha kang ala bisa didadekake pasinaonan supaya aja ditiru.

KAPUSTAKAN

Ahmadi, Abu. 2007. *Psikologi Soial*. Jakarta : PT. Rineka Cipta.

Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.

Aminuddin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.

Baron, Robert & Byrne. 2005. *Psikologi Sosial Edisi Kesepuluh Jilid 2*. Jakarta: Erlangga.

Dayaksini, Tri & Hudaniah. 2012. *Psikologi Sosial*. Malang: UMM Press

Ekawati. Diakses tanggal 1 April 2016, pukul 3:58 a.m. <https://googleweblight.com>.

Endraswara, Suwardi. 2011. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS.

Fajar, Muh Nur. 2009. *Hubungan Antara Prasangka dengan Perilaku Masyarakat Jawa terhadap Masyarakat Tionghoa Di Kelurahan Kemlayan Surakarta*. <http://digilib.uns.ac.id>

Hk, Suroso Bc. 2009. *Njareming Pangigit-igit*. Surabaya: PT. Pancaran Semangat Jaya.

Jayanti, Efi Tri. 2014. *Kadurjanaan ing Jagading Jurnalisme sajrone Novel Sang Pangeran Pati Anggitane Fitri Gunawan Tintingan Sosiologi Sastra*. Skripsi tidak diterbitkan.

Kartono, Kartini. 1988. *Patologi Sosia Jilid I*. Jakarta: CV. Rajawali

Kristina, Icha. 2009. *Cerbung Nalika Rembulan Pangklong Anggitane Tiwiek S.A Tintingan Psikologi Sosial*. Skripsi Tidak Diterbitkan

Minderop, Albertine. 2011. *Psikologi Sastra: Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.

Moleong, Lexy J. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.

Myers, David G. 2012. *Psikologi Sosial Jilid II*. Jakarta Selatan: Salemba Humanika.

Nadzhiroh, Ainin. 2015. *Kadurjanaan sajrone Novel Dahuru ing Loji Kapencil Anggitane Suprta Brata Tintingan Psikologi Sosial*. Skripsi tidak diterbitkan

Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press

Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Prameswari, Septi. Diunduh Tanggal 28 April 2016. <http://www.remotivi.or.id/kabar/79/5-Kasus-Kekerasan-Anak-Karena-Tayangan-Televisi>

Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra: dari Strukturalisme hingga Postrukturalisme, Perspektif Wacana Naratif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Santoso, Thomas. 2002. *Teori-Teori Kekerasan*. Jakarta: Ghalia Indonesia.

Sarwono, Sarlito Wirawan. 2010. *Teori-Teori Psikologi Sosial*. Jakarta: Rajawali Pers.

Sunarto, Kamanto. 2004. *Pengantar Sosiologi*. Jakarta: Fakultas Ekonomi Universitas Surabaya.

Tim Penyusun. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi III*. Jakarta: Balai Pustaka.

Walgito, Bimo. 2004. *Pengantar Psikologi Umum*. Yogyakarta: Andi Ofset.

Wellek, Rene dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama

Zaidan, Abdul Rozak. 2007. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: Balai Pustaka.

_____. *Pengertian Pendekatan Deskriptif Analitik*. Diunduh tanggal 15 Juli 2016. <http://www.bimbingan.org/pengertian.pendekatan.deskriptif.analitik>